DEWAN DA'WAH
KABUPATEN BANTUL

Naskah
Khutbah Jum'at

Dewan Da'wah Bantul



Rekening Donasi Dakwah
BSI BANK SYARIAH INDONESIA
899 0000 997
a.n. Dewan Dakwah Bantul

Khutbah Jumat
DEWAN DA'WAH KAB. BANTUL

Edisi : 0045/Tahun VI/ 2026 *6 November 2026 M/ 26 Jumadil Ula 1448 H*

Ngurip-Urip Budhaya Wirang

Dening: Ust. Saiful Bahri

Khutbah I

الحَمْدُ لِلَّهِ الّذي جَعَلَ لِكُلِ أُمَّةٍ شِرْعَةً ومِنْهاجًا وخَصَّ هَذِهِ الْأُمَةَ بِأَوْضَحِهِما أَحْكَامًا وحُجَجًا. أَشْهَدُ اَنْ لاَ إِلَهَ إِلاَّ اللهُ وأَشْهَدُ اَنَّ مُحَمَّدًا عَبْدُهُ ورَسُولُهُ الَّذِيْ بَعَثَهُ بِالْحَقِّ بَشِيْرًا وَنَذِيْرًا. وَدَاعِيًا إِلَى الْحَقِّ بِإِذْنِهِ وَسِرَاجًا مُنِيْرًا. اَللَّهُمَّ صَلِّ عَلَى سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ وَعَلَى آلِهِ وَصَحْبِهِ وَمَنْ تَبِعَهُمْ بِإِحْسَانٍ إِلَى يَوْمِ الدِّيْنِ، أَمَّا بَعْدُ، فَيَا أَيُّهَا الْحَاضِرُوْنَ، اِتَّقُوْا اللهَ حَقَّ تُقَاتِهِ وَلَا تَمُوْتُنَّ إِلَّا وَأَنْتُمْ مُسْلِمُوْنَ، قَالَ اللهُ تَعَالَى فِي الْقُرْآنِ الْكَرِيْمِ، أَعُوْذُ بِاللهِ مِنَ الشَّيْطَانِ الرَّجِيْمِ. يَٰٓأَيُّهَا ٱلَّذِينَ ءَامَنُواْ ٱتَّقُواْ ٱللَّهَ وَلۡتَنظُرۡ نَفۡسٞ مَّا قَدَّمَتۡ لِغَدٖۖ وَٱتَّقُواْ ٱللَّهَۚ إِنَّ ٱللَّهَ خَبِيرُۢ بِمَا تَعۡمَلُونَ

Ma'asyiral muslimin rahimakumullah,

DEWAN DA'WAH KABUPATEN BANTUL
Sekretariat : Jl KH Agus Salim No 97 C Bantul (Depan Masjid Jamasba)
0813-2872-0246, 0877-3937-7772

Rekening Donasi Dakwah
BSI 899 0000 997
BANK SYARIAH INDONESIA a.n. Dewan Dakwah Bantul

Wonten ing kalodhangan khutbah Jum'at menika, sumangga kita sesarengan ngraosaken saha ngangen-angen salah satunggaling perkawis akhlak ingkang wigati sanget, ananging ing gesang bebrayan kita kados-kados sampun wiwit ngalami kamunduran, inggih menika **budaya wirang utawi raos isin**

Raos wirang menika kalebet salah satunggaling sipat luhur ingkang dados pratandha tiyang ingkang iman. Wirang sanes namung raos sungkan nalika kepanggih kaliyan tiyang sanes, lan ugi sanes namung ajrih dhateng pamanggih utawi pambiji saking sesami manungsa. Langkung saking menika, wirang inggih menika kesadharan ing salebeting manah ingkang ndadosaken tiyang mboten purun nglampahi tumindak awon, amargi tansah ngraosaken bilih piyambakipun wonten ing pangawasanipun Allah ﷻ.

Rasulullah ﷺ paring kawigatosan ingkang ageng sanget dhateng sipat wirang menika. Wonten ing satunggaling hadits riwayat Imam Bukhari, Panjenenganipun ngendika:

إِنَّ مِمَّا أَدْرَكَ النَّاسُ مِنْ كَلَامِ النُّبُوَّةِ الْأُولَى: إِذَا لَمْ تَسْتَحْيِ، فَاصْنَعْ مَا شِئْتَ.

DEWAN DA'WAH KABUPATEN BANTUL
Sekretariat : Jl KH Agus Salim No 97 C Bantul (Depan Masjid Jamasba)
0813-2872-0246, 0877-3937-7772
Rekening Donasi Dakwah
BSI 899 0000 997
BANK SYARIAH INDONESIA a.n. Dewan Dakwah Bantul

"Satemene ing antarane piwulang kenabian kang sepisanan, kang isih dimangerteni lan kawarisake ing umat manungsa, yaiku : Menawi sira wis ora duwe isin, mangka tumindaka opo wae sakarepmu ." (HR. Bukhari).

Ma'asyiral muslimin rahimakumullah,

Hadits menika ngemu piwucal moral ingkang lebet sanget. Ukara *"Menawa sira ora duwe rasa isin, mangka tumindaka sakarepmu" mboten ateges* Rasulullah paring idin dhateng manungsa supados bebas nindakaken menapa kemawon. Kosokwangsulipun, **hadits menika minangka pepenget ingkang keras (wanter sanget) bilih nalika raos wirang sampun ical, satunggaling tiyang badhe kelangan salah satunggaling benteng utami ingkang saged nyegah piyambakipun saking tumindak maksiat.**

Tiyang ingkang sampun ical raos wirangipun, limrahipun mboten malih ngraosaken lepat nalika nindakaken dosa. Malah, tumindak awon ingkang sakmesthinipun dipun getuni, malah dipun anggep perkawis ingkang limrah, dipun pameraken, lan kadhangkala malah dipun bangga-banggakaken.

Ma'asyiral muslimin rahimakumullah,

DEWAN DA'WAH KABUPATEN BANTUL
Sekretariat : Jl KH Agus Salim No 97 C Bantul (Depan Masjid Jamasba)
0813-2872-0246, 0877-3937-7772
Rekening Donasi Dakwah
BSI 899 0000 997
BANK SYARIAH INDONESIA a.n. Dewan Dakwah Bantul

Perkawis menika ingkang kedah kita penggalihaken sesarengan.

Sepisan, icalipun raos wirang anggenipun njagi kejujuran saha amanah. Kita sami nyumerepi maneka warni tumindak ingkang mboten pantes wonten ing gesang bebrayan. Wonten tiyang ingkang ngapusi kangge pikantuk bebathen (keuntungan). Wonten ingkang nindakaken penipuan supados saged nglumpukaken bandha kangge kapentinganipun piyambak. Wonten ugi ingkang manipulasi data, mbalikke kasunyatan, ngianati kapitadosan, malah ngginakaken sedaya cara kangge pikantuk kalenggahan, panguwaos, kasugihan, saha drajat.

Ingkang langkung ngenes malih, wonten sawetawis tiyang ingkang sampun mboten ngraosaken wirang nalika nindakaken lampah ingkang kebak goroh. Nalika gorohipun konangan, piyambakipun mboten enggal ngakeni kalepatan, nanging malah pados alesan, nyalahaken tiyang sanes, utawi damel goroh enggal kangge nutupi goroh ingkang sampun kalampahan.

Agami Islam kanthi tegas paring dhawuh dhateng umatipun supados tansah tumindak jujur. Rasulullah ﷺ ngendika:

DEWAN DA'WAH KABUPATEN BANTUL
Sekretariat : Jl KH Agus Salim No 97 C Bantul (Depan Masjid Jamasba)
0813-2872-0246, 0877-3937-7772
Rekening Donasi Dakwah
BSI 899 0000 997
BANK SYARIAH INDONESIA a.n. Dewan Dakwah Bantul

عَلَيْكُمْ بِالصِّدْقِ، فَإِنَّ الصِّدْقَ يَهْدِي إِلَى الْبِرِّ، وَإِنَّ الْبِرَّ يَهْدِي إِلَى الْجَنَّةِ، وَمَا يَزَالُ الرَّجُلُ يَصْدُقُ وَيَتَحَرَّى الصِّدْقَ حَتَّى يُكْتَبَ عِنْدَ اللَّهِ صِدِّيقًا.

"Tansaha sira tumindak jujur, amerga satemene kejujuran iku nenuntun marang kabecikan, lan kabecikan iku nuntun tumuju swarga. Sawiji wong kang tansah jujur lan ngudi kejujuran, bakal kacathet ing ngarsane Allah minangka wong kang temen-temen jujur." (HR. Bukhari lan Muslim).

Ma'asyiral muslimin rahimakumullah,

Sampun ngantos kita dados tiyang ingkang malah mongkog amargi saged pikantuk samukawis, ananging kanthi cara kebak goroh lan ngapusi. Sampun ngantos kita ngraosaken dhiri linangkung amargi saged ngasoraken tiyang sanes kanthi cara manipulasi lan akal licik.

Emut, kasil ingkang dipun panggihaken kanthi ngurbanaken kejujuran, menika sanes kamulyan. Kasugihan ingkang dipun gayuh kanthi cara ngapusi, menika sanes berkah. Kalenggahan ingkang dipun cepeng lumantar lampah khianat , menika sanes pakurmatan.

DEWAN DA'WAH KABUPATEN BANTUL
Sekretariat : Jl KH Agus Salim No 97 C Bantul (Depan Masjid Jamasba)
0813-2872-0246, 0877-3937-7772
Rekening Donasi Dakwah
BSI 899 0000 997
BANK SYARIAH INDONESIA a.n. Dewan Dakwah Bantul

Pungkasanipun, sedaya tumindak menika mesthi badhe kewiyak (konangan) lan badhe rubuh. Sedaya wonten wekdalipun. Kados unen-unen, "Sepandai-pandai tupai mlumpat, akhirnya jatuh juga." Mekaten ugi wonten ing unen-unen tiyang Jawi: *Becik ketitik, ala ketara.*

Ing wekdal pungkasan menika, kathah sanget kadadosan korupsi, penyalahgunaan wewenang lan kalenggahan ingkang dumados ing negari kita. Perkawis menika nggambaraken wontenipun 'parade laku goroh' ingkang dipun tindakaken dening para pejabat ingkang samesthinipun kinurmatan.

Sedaya menika nggambaraken tumindak tiyang ingkang sampun ical raos wirangipun. Ing nagari sanes, tiyang ingkang kanthi nyata nindakaken goroh dhateng masarakat, limrahipun badhe mundur saking kalenggahanipun, amargi kanthi moral sampun cacad, menapa malih menawi dipuntingali saking sisi hukum.

Ma'asyiral muslimin rahimakumullah,

Kaping kalih, icalipun raos wirang anggenipun njagi pakurmatan saha kasucen dhiri. Kadadosan sanes ingkang ugi kedah pikantuk kawigatosan kita inggih menika tansaya kendelipun

DEWAN DA'WAH KABUPATEN BANTUL
Sekretariat : Jl KH Agus Salim No 97 C Bantul (Depan Masjid Jamasba)
0813-2872-0246, 0877-3937-7772
Rekening Donasi Dakwah
BSI 899 0000 997
BANK SYARIAH INDONESIA a.n. Dewan Dakwah Bantul

sawetawis tiyang ngetingalaken tumindak ingkang cengkah kaliyan norma agami saha kasusilan.

Tumindak zina, selingkuh, pelecehan seksual, pornografi, pergaulan bebas, ngantos maneka warni tumindak asusila sanesipun, kadhangkala dipun anggep kados perkawis ingkang limrah.

Wonten ing jagad digital, kita ugi nyumerepi sawetawis tiyang ingkang kanthi sengaja mameraken aurat, nampilaken kaendahan saha kemolekan badanipun, malah ndadosaken samukawis ingkang sakmesthinipun dipun jagi, malah dados tontonan saha sarana kangge ngudi popularitas.

Ingkang langkung ngenes, tansaya kathah tiyang ingkang mirsani, malah saya ageng raos bingah lan mongkog-ipun. Kados-kados pakurmatan dhiri saged dipun ukur saking cacahipun pengikut, tandha remen, komentar, saha pangalembana saking tiyang sanes. Allah ﷻ sampun paring pepenget :

وَلَا تَقْرَبُوا الزِّنَىٰ إِنَّهُ كَانَ فَاحِشَةً وَسَاءَ سَبِيلًا

"Lan sira ojo nyedhaki zina. Satemene zina iku klebu tumindak kang nistha lan laku kang olo." (QS. Al-Isra' : 32)

DEWAN DA'WAH KABUPATEN BANTUL
Sekretariat : Jl KH Agus Salim No 97 C Bantul (Depan Masjid Jamasba)
0813-2872-0246, 0877-3937-7772
Rekening Donasi Dakwah
BSI 899 0000 997
BANK SYARIAH INDONESIA a.n. Dewan Dakwah Bantul

Sumangga dipun gatosaken, Allah mboten namung ngawisi tumindak zina, nanging ugi ngawisi sedaya margi ingkang saged nyaketakaen manungsa dhateng tumindak zina.

Awit saking menika, njagi pakurmatan dhiri mboten namung kanthi nebihi tumindak zina, nanging ugi kedah njagi pandelengan, njagi sesrawungan, njagi busana, njagi lesan, saha njagi dhiri saking sedaya perkawis ingkang saged njeblosaken dhateng tumindak nistha.

Ma'asyiral muslimin rahimakumullah,

Rasulullah ﷺ paring penegasan bilih raos wirang menika minangka perangan ingkang mboten saged dipun pisahaken saking iman. Panjenenganipun ngendika:

اَلْـحَيَاءُ وَ الْإِيْمَانُ قُرِنَا جَمِـيْعًا ، فَإِذَا رُفِعَ أَحَدُهُمَا رُفِعَ الْآخَرُ.

"Rasa wirang lan iman iku tansah bebarengan. Menawa salah sawijine ilang, magka kang liyane uga bakal ilang." (HR. Al-Hakim).

Hadits menika dados katerangan, kenging menapa wonten tiyang ing satengahing masyarakat gadhah kalenggahan ingkang kinurmatan lan

DEWAN DA'WAH KABUPATEN BANTUL
Sekretariat : Jl KH Agus Salim No 97 C Bantul (Depan Masjid Jamasba)
0813-2872-0246, 0877-3937-7772
Rekening Donasi Dakwah
BSI 899 0000 997
BANK SYARIAH INDONESIA a.n. Dewan Dakwah Bantul

sakmesthinipun saged dados tuladha tumrap masyarakat, ananging jebulipun malah kecemplung wonten ing tumindak dosa, pengkhianatan, utawi tumindak kadurjanan.

Perkawis menika saged kedadosan amargi sampun ical raos wirangipun, lan ing wekdal salajengipun imanipun ugi tansaya ical.

Tansaya kiyat imanipun satunggaling tiyang, sakmesthinipun tansaya kiyat ugi anggenipun ngendhaleni dhiri saking tumindak ingkang nistha.

Kosokwangsulipun, menawi raos wirang saya tipis, satunggaling tiyang badhe langkung gampil nindakaken pelanggaran moral tanpa ngraosaken kalepatan.

Sampun ngantos kita langkung ajrih menawi tumindak kita dipunmangertosi dening manungsa tinimbang ajrih dhateng Allah ﷻ. Awit, manungsa saged kemawon mboten mangertosi punapa ingkang kita tindakaken kanthi sesidheman, ananging Allah ﷻ mboten nate kesupen anggenipun ngawasi kita.

Ma'asyiral muslimin rahimakumullah,

Kadospundi Caranipun Ngurip-urip Budaya Wirang? Raos wirang ingkang leres mboten tuwuh

DEWAN DA'WAH KABUPATEN BANTUL
Sekretariat : Jl KH Agus Salim No 97 C Bantul (Depan Masjid Jamasba)
0813-2872-0246, 0877-3937-7772
Rekening Donasi Dakwah
BSI 899 0000 997
BANK SYARIAH INDONESIA a.n. Dewan Dakwah Bantul

kanthi piyambakipun. Raos menika kedah dipun latih, dipun biasakaken, saha dipun reksa wonten ing gesang padintenan. **Wonten sawetawis cara ingkang saged kita lampahi.**

Sepisan, Nuwuhaken kesadharan bilih Allah tansah ngawasi kita. Menika minangka dhasar utami raos wirang wonten ing piwucal Islam. Kita kedah mbiasakaken dhiri supados tansah ngraosaken bilih Allah ngawasi sedaya tindak-tanduk kita, nalika wonten ing satengahing masyarakat utawi nalika namung piyambakan.

Sampun ngantos namung njagi tumindak nalika wonten ing sangajenging tiyang sanes. Ananging, kita ugi kedah tetep njagi tumindak nalika mboten wonten tiyang satunggal kemawon ingkang mirsani.

Amargi ukuran kesalehan sanes namung menapa ingkang kita ketingalake wonten ing sangajenging manungsa, nanging ugi kadospundi kita saged njagi dhiri nalika namung Allah ingkang mangertosi.

Kaping kalih, Mbiasakaken tumindak jujur, sanajan kraos awrat saha ngrugekaken kapentingan pribadi.

DEWAN DA'WAH KABUPATEN BANTUL
Sekretariat : Jl KH Agus Salim No 97 C Bantul (Depan Masjid Jamasba)
0813-2872-0246, 0877-3937-7772
Rekening Donasi Dakwah
BSI 899 0000 997
BANK SYARIAH INDONESIA a.n. Dewan Dakwah Bantul

Sumangga kita sami nglatih dhiri supados tansah ngendika leres, ngakeni kalepatan, netepi janji, saha njagi amanah.

Sampun ngantos kita ngraosaken wirang amargi kedah ngakeni kalepatan. Kosokwangsulipun, ingkang sakmesthinipun ndadosaken kita wirang inggih menika nalika kita tetep ngugemi goroh lan bola-bali ngapusi tiyang sanes.

Tiyang ingkang kendel ngakeni kalepatan, satemenipun nedahaken kaluhuran akhlakipun.

Kaping tiga, Mbiasakaken introspeksi dhiri utawi muhasabah. Saderengipun sare, sumangga kita sami nyuwun pirsa dhateng dhiri kita piyambak: Punapa ingkang sampun kula aturaken dinten menika? Menapa wonten tiyang ingkang kula damel sakit manahipun? Menapa wonten amanah ingkang kula lirwakaken? Menapa wonten hakipun tiyang sanes ingkang kula pendhet? Menapa wonten tumindak ingkang sakmesthinipun kula getuni lan kula sesali?. Kebiasaan ngevaluasi dhiri menika badhe nuwuhaken kepekaan manah dhateng kalepatan, saha nyurung kita supados tansah ndandosi dhiri.

Ma'asyiral muslimin rahimakumullah,

DEWAN DA'WAH KABUPATEN BANTUL
Sekretariat : Jl KH Agus Salim No 97 C Bantul (Depan Masjid Jamasba)
0813-2872-0246, 0877-3937-7772
Rekening Donasi Dakwah
BSI 899 0000 997
BANK SYARIAH INDONESIA a.n. Dewan Dakwah Bantul

Wonten satunggaling perkawis wigati ingkang kedah kita mangertosi sesarengan. Raos wirang ingkang leres menika sanes wirang kangge nindakaken kabecikan, sanes wirang kangge ngakeni bebener, lan ugi sanes wirang kangge mbelani tiyang ingkang katindhes.

Sampun ngantos kita wirang jalaran nyambut damel kanthi cara ingkang halal. Sampun ngantos wirang ngakeni kekirangan. Sampun ngantos wirang nyuwun pangapunten. Sampun ngantos wirang sinau ngelmu agami. Lan sampun ngantos wirang ngukuhi sarta ngadhepi bebener.

Raos wirang ingkang kedah kita tuwuhaken inggih menika wirang menawi nindakaken dosa, wirang menawi tumindak cidra, wirang menawi ngianati amanah, wirang menawi damel sakit manahipun tiyang sanes, saha wirang menawi nampilaken samukawis ingkang cengkah kaliyan pakurmataning manungsa.

Sumangga kita wiwiti saking dhiri kita piyambak. Dadosa pribadi ingkang jujur. Salajengipun, kita damel kulawarga ingkang tansah ngugemi pakurmatan, saha masyarakat ingkang sami njagi kaluhuran akhlak.

DEWAN DA'WAH KABUPATEN BANTUL
Sekretariat : Jl KH Agus Salim No 97 C Bantul (Depan Masjid Jamasba)
0813-2872-0246, 0877-3937-7772
Rekening Donasi Dakwah
BSI 899 0000 997
BANK SYARIAH INDONESIA a.n. Dewan Dakwah Bantul

Mugi-mugi Allah ﷻ tansah paring pitedah saha bimbingan dhateng kita sedaya, supados dados manungsa ingkang gadhah raos wirang minangka salah satunggaling perangan saking kasampurnaning iman.

أَقُوْلُ قَوْلِيْ هَذَا وَأَسْتَغْفِرُ اللهَ الْعَظِيْمَ لِيْ وَلَكُمْ وَلِسَائِرِ الْمُسْلِمِيْنَ مِنْ كُلِّ ذَنْبٍ، فَاسْتَغْفِرُوْهُ، إِنَّهُ هُوَ الْغَفُوْرُ الرَّحِيْمُ.

Khutbah II

الْحَمْدُ لِلَّهِ حَمْدًا كَثِيرًا كَمَا أَمَرَ. وَأَشْهَدُ أَنْ لَا إِلَهَ إِلَّا اللهُ وَحْدَهُ لَا شَرِيكَ لَهُ إِرْغَامًا لِمَنْ جَحَدَ بِهِ وَكَفَرَ. وَأَشْهَدُ أَنَّ مُحَمَّدًا عَبْدُهُ وَرَسُولُهُ سَيِّدُ الْبَشَرِ. اَللَّهُمَّ صَلِّ وَسَلِّمْ عَلَى نَبِيِّنَا مُحَمَّدٍ وَعَلَى آلِهِ وَصَحْبِهِ مَا اتَّصَلَتْ عَيْنٌ بِنَظَرٍ وَأُذُنٌ بِخَبَرٍ. أَمَّا بَعْدُ، فَيَا أَيُّهَا النَّاسُ، اتَّقُوا اللهَ تَعَالَى وَذَرُوا الْفَوَاحِشَ مَا ظَهَرَ مِنْهَا وَمَا بَطَنَ. إِنَّ اللَّهَ وَمَلَائِكَتَهُ يُصَلُّونَ عَلَى النَّبِيِّ ۚ يَا أَيُّهَا الَّذِينَ آمَنُوا صَلُّوا عَلَيْهِ وَسَلِّمُوا تَسْلِيمًا. اَللّٰهُمَّ صَلِّ عَلَى مُحَمَّدٍ وَعَلَى آلِ مُحَمَّدٍ كَمَا صَلَّيْتَ عَلَى إِبْرَاهِيْمَ وَ آلِ إِبْرَاهِيْمَ وَبَارِكْ عَلَى مُحَمَّدٍ وَ آلِ مُحَمَّدٍ كَمَا بَارَكْتَ عَلَى إِبْرَاهِيْمَ وَ آلِ إِبْرَاهِيْمَ، إِنَّكَ حَمِيْدٌ مَجِيْدٌ. اللَّهُمَّ اغْفِرْ لِلْمُسْلِمِينَ وَالْمُسْلِمَاتِ، وَالْمُؤْمِنِينَ وَالْمُؤْمِنَاتِ، الْأَحْيَاءِ مِنْهُمْ وَالْأَمْوَاتِ، إِنَّكَ سَمِيعٌ قَرِيبٌ

DEWAN DA'WAH KABUPATEN BANTUL
Sekretariat : Jl KH Agus Salim No 97 C Bantul (Depan Masjid Jamasba)
0813-2872-0246, 0877-3937-7772
Rekening Donasi Dakwah
BSI 899 0000 997
BANK SYARIAH INDONESIA a.n. Dewan Dakwah Bantul

مُجِيبُ الدَّعَوَاتِ، يَا قَاضِيَ الْحَاجَاتِ. اللَّهُمَّ أَرِنَا الْحَقَّ حَقًّا وَارْزُقْنَا اتِّبَاعَهُ، وَأَرِنَا الْبَاطِلَ بَاطِلًا وَارْزُقْنَا اجْتِنَابَهُ. اللَّهُمَّ اجْعَلْ أَلْسِنَتَنَا وَأَقْلَامَنَا وَأَجْهِزَتَنَا شَاهِدَةً لَنَا لَا عَلَيْنَا، وَاسْتَعْمِلْنَا فِي طَاعَتِكَ وَخِدْمَةِ دِينِكَ. رَبَّنَا آتِنَا فِي الدُّنْيَا حَسَنَةً وَفِي الْآخِرَةِ حَسَنَةً وَقِنَا عَذَابَ النَّارِ.

Group WhatsApp :
https://chat.whatsapp.com/LLH6iduekXrCVt4tsszX7I

DEWAN DA'WAH KABUPATEN BANTUL
Sekretariat : Jl KH Agus Salim No 97 C Bantul (Depan Masjid Jamasba)
0813-2872-0246, 0877-3937-7772
Rekening Donasi Dakwah
BSI 899 0000 997
BANK SYARIAH INDONESIA a.n. Dewan Dakwah Bantul